



ومن الغفلة أن لا يكثر ذكر الموت وما بعده من أمور  
الآخرة ، وأحوال أهل السعادة وأهل الشقاوة فيها ، ولا يُذمّن  
على الفكر في ذلك .

Lan keebet saking sifat ghoflah (supe), *mboten ngatah-ngatahaken ngelingi pejah* lan perkawis ingkang dumawah sasampunipun penjah, inggih punika pinten-pinten perkawis akhirat lan kawontenanipun tiang ingkang ahli beja lan cilaka wonten ing akhirat.

Lan *mboten ngelanggengaken* enggenipun mikir-mikir perkawis ingkang sam pun kasebat kala wahu,

ومن الغفلة أن لا يكثر مجالسة العلماء بالله وبدينه ،  
المذكّرين بأيامه وآلائه ووعده ووعيده ، المحرّضين على طاعته  
وعلى اجتناب معصيته بأفعالهم وأقوالهم ، ومن لم يجدهم  
فكتبهم التي صنّفوها تُجزّي عن مجالستهم عند فقدهم .

Lan kalebet sifat ghoflah, *mboten ngatah-ngatahaken lelenggahan kalia para Ulama ( ingkang mangertosi) dateng Gusti Alloh lan Agamanipun*, ingkang tansah maringi pepénget dateng nikmat (lahir batin)ipun gusti Alloh, janji lan ancamanipun gusti Alloh, ingkang tansah nganjuraken ibadah lan nebihi ma'siyat dateng gusti Alloh, kanthi tindakan lan pangendikanipun.

Sasintena ingkang mboten manggihi para Ulama ingkang mekaten, mangka kitab anggitanipun saged nyekapi dados gantosipun lelenggahan kaliyan para ulama nalika kasepan (mboten wonten) para Ulama.

على أن الأرض لا تخلو إن شاء الله منهم ، وإن عمّ فساد  
الزمان وتفاحش ظهور الباطل وأهله ، وأدبر الخاص والعام  
وأعرضوا عن الله وعن إقامة الحق إلا من شاء الله وقليل  
ما هم ، وذلك لقول النبي عليه الصلاة والسلام : « لا تزال  
طائفة من أمتي ظاهرين على الحق لا يضرهم من نأوهم حتى  
يأتي أمر الله » مع أخبار وآثار كثيرة تدل على أن الأرض لا تخلو  
في كل زمان عن عصابة من أهل الحق ، مستقيمين على  
كتاب الله تعالى وسنة رسوله ﷺ يدعون الناس إلى التمسك  
بالكتاب والسنة ، غير أنهم يَقْلُون جداً في آخر الزمان ، وقد  
يستترون حتى لا يعرفهم ويهتدي إليهم إلا الطالب الصادق ،  
والراغب المخلص ، والله تعالى أعلم .

Keranten sejatosipun bumi punika mboten kasepén (insya Alloh) saking para Ulama , senajan sampun sumambrah kerisakanipun zaman, sampun sanget ketingalipun kebathilan lan ahli bathil, sampun sami unkur-ungkuran tiang pinter (khos) lan tiang bodo (‘awam), sedaya sami meléngos saking dzikir (énget) dumateng gusti Alloh lan jumenengaken perkawis haq, kejawi tiang ingkang dipun kersakaken dening gusti Alloh (tansah eling dateng gusti Alloh lan njejegaken perkawis haq), lan tiang ingkang mekaten punika sanget kidi kipun.

Inkang mekaten kalawahu sedaya, keranten ningali dawuh dalem Kanjeng Nabi Muhammad ‘alaihi sholatu was salam, “ Ora gingsir-gingsir wong sapanthan saking umatku tansah menang (ngelahiraken) perkara haq, ora melarati marang deweke wong kang nyatroni, sahingga teka dawuhe Alloh (dina kiyamat)”. sarto pinten-pinten hadis Nabi lan hadist atsariipun sahabat ingkang kathah, ingkang nedahaken bilih bumi punika mboten bade sepi ing dalem saben zaman (mangsa) saking sekelompok tiang ingkang ahlul haq, ingkang istiqomah enggenipun netepi Kitabulloh ta’ala lan Sunah Rosulipun SAW, ingkang ngajak dateng para manungsa supados gendolan/cecepegan dateng kitabulloh lan sunnah rosul, ananging kelompok tiang ingkang mekaten punika sanget kidikipun wonten ing akhir zaman, lan terkadang tiang-tiang ingkang mekaten sami mastur (singkidan/umpetan/ menutup diri), sahingga mboten saged mangertos lan ngalap pitedah dateng piyambakipun kejawi tiang ingkang ngupadi, ingkang temen (enggenipun ngupadi), lan tiang ingkang remen tur ikhlas. Wallohu A’lam.

\*\*\*

Ma’khodz : Kitab Nashoihud Diniyyah (hal.50)  
Mualif : al-Habieb ‘Abdulloh bin Ba’alawie al-Haddad  
Mutarjim : Syamsul Qodri el-Falaky.